



13 novanm 2019

Chè Paran/Gadyen:

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pran angajman li depi lontan pou l ofri tout elèv yon eksperyans edikasyonèl premye klas nan yon anviwònman aprantisaj ki gen sekrite e ki ankourajan pou pèmèt yo eksele akademikman e sosyalman, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap fè patenarya avèk ajans aplikasyon lalwa pou lanse yon kanpay ansanm ki fèt pou fini fo menas yvolans ki ap afekte lekòl nou yo.

An pratik, M-DCPS kontinye siveye e reponn nenpòt e tout menas yo repòte ki ka fè enpak sou lekòl yo oubyen fonksyon lekòl yo. Pandan nou ankouraje tout moun ki konsène yo rapòte tout aktivite yo sispek, nou rekonèt an menm tan nesesite pou kontinye edike elèv, fanmi, ak komunitate a an jeneral sou konsekans grav ki asosye avèk fè menas pou mete moun nan tout kalite danje – menm lè menas sa yo se pou plezantri oubyen yo kredib nan nati yo.

Menas – menm lè yo reyèl oubyen fo – egzije mobilizasyon anpil resous, ka mete vi moun an danje e souvan lakoz konsekans ki afekte tout vi moun ki fè aksyon an. Yo deranje anbyans edikasyonèl la, entèfere avèk abilité polis pou pwoteje lekòl yo kont vrè danje, ogmante nivo estrès pam elèv ak anplwaye, e koute takspeyè anpil lajan.

Nou ankouraje w anpil pou raple timoun ou yo pou yo angaje yo nan konpòtman pozitif, responsab e ede nou edike yo sou konsekans grav ki asosye avèk fè menas ki mete vi moun an danje. Pinisyon pou fè yon fo menas – menm lè se plezantri – ka varye soti nan pwobasyon rive nan voye yo nan yon etablisman rezidansyèl Depatman Jistis Jivenil opere. Jèn sa yo pa voye yo nan etablisman rezidansyèl sa yo ap oblige ale nan yon pwogram zam ak ofansè, yon pwogram edikasyonèl 6 mwa ki ofri yon anviwònman reyabilitasyon medikal kote yo diskite konsekans trajik posesyon zam ak akizasyon, ansanm ak danje ki genyen nan menase moun pou fè l mal fizikman oubyen efè fiziyad an mas fè sou paran ak elèv lekòl yo vize yo. Yo ap òdone jèn yo arete paske yo kondane li ak ekri menas pou l pase omwen 21 jou nan detansyon sekirize nan Sant Detansyon Jivenil la. Anplis, yo ka transfere yon jèn nan yon tribunal adilt pou yo ka pou suiv li tankou yon adilt pou akizasyon sa yo. Fè yon menas pou tiye oubyen fè yon moun mal fizikman oubyen komèt yon fiyizad an mas nan yon lekòl se yon krim grav nan dezyèm degre e delenkan yo voye nan tribunal adilt yo ka fè fas a jiska 15 ane nan prizon.

Anplis yo ka pou suiv yo nan tribunal kriminèl, elèv ki fè menas yo ka fè fas a sispansyon oubyen ekspilsyon nan lekòl. Elèv yo kondane pou yon krim parèy riske pou yo anpeche

yo jwenn aseptasyon pou kolèj, yo ka pa elijib pou èd finansye, e yo ka gen difikilte pou jwenn travay.

Puiske pifò konpòtman sa yo fèt andeyò jounen lekòl la e lwen biling lekòl la, nou enplore ou pou pale avèk pitit ou sou konsekans aksyon yo, men tou pou siveye konpòtman yo deprè, espesyalman sou medya sosyal.

Pou resous ki disponib sou sijè sa a, silvouplè vizite itsnojoke.dadeschools.net.



Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Sensèman,



Katherine Fernandez Rundle
Avoka Eta a pou Miami-Dade